

Netwayaj San Danje pou Moun ki Soufri Opresyon

Resèt pou pwodwi netwayaj kay ki fasil pou itilize epi ki pap irite vwa respiratwa!

Pwodwi Netwayaj pou Twalèt

Bikabonat
Savon kastiyann likid*
Simen bikabonat la anndan bòl la.
Ajoute detwa gout savon. Foubi ak yon bwòs twalèt epi fini sifas ki sou deyò yo avèk yon tòchon ou te simen bikabonat sou li.

Pwodwi Netwayaj pou Basen ak Lavabo

Bikabonat
Savon kastiyann likid*
Sèvi ak bikabonat nan plas ajaks.
Simen li sou pòslèn nan epi fwote ak yon tòchon mouye. Ajoute yon ti savon nan tòchon an pou yon netwayaj pi pwisan. Rense byen.

Pwodwi Netwayaj pou Dren

Bikabonat
Vinèg
Dlo Bouyi
Resèt sa a ap libere ti kras. Vide ½ tas bikabonat nan dren an, epi apre sa ½ tas vinèg. Kite l' fè kim pandan kèk minit. Apre sa vide yon bouywa plen dlo bouyi nan dren an. Refè sa ankò si sa nesèsè. Si dren an bouche toujou, sèvi ak yon vantouz.

Pwodwi Netwayaj pou Tout Bagay

1 2/3 tas bikabonat
½ tas savon kastiyann likid*
½ tas dlo
2 gwo kiyè vinèg
yon boutèy 16 ons ak bouchon ki kapab baskile
Mele bikabonat ak savon likid la nan yon bòl. Ajoute dlo, epi apre sa ajoute vinèg. Vide nan yon boutèy mou. Si li twò epè, ajoute dlo. Souke byen. Aspèje l' sou basen, lavabo, twalèt, kontwa, ets.
Foubi epi rense.

Netwaye avèk pwodwi netwayaj ki pa toksik se yon jan ki bon anpil pou netwaye kay ou ak jere opresyon an menm tan. Resèt sa yo fasil, bon mache epi yo pa polye. Epitou men kèk sijasyon pou netwaye ak kenbe lòt kòz opresyon lwen.

Netwaye kay la lè moun ki soufri opresyon an PA la si sa posib!

*Si savon kastiyann likid la pa disponib, Savon Murphy a se yon trè bon ranplasman.

Tout resèt yo sòti nan

“Suggestions for Green

Cleaning” [Sijasyon pou Netwayaj

Ekolojik] ke American Lung

Association of Oregon

[Asosyasyon Ameriken pou

Poumon nan Oregon] pibliye

Pwodwi Netwayaj pou Fou

Bikabonat
Dlo
Pay de fè
Pa sèvi ak pwodwi netwayaj sa a sou fou ki netwaye tèt yo.
Mele 1 tas bikabonat ak dlo pou fè yon pat. Pase l' sou sifas fou a, epi kite l' poze yon ti moman. Sèvi ak yon pay de fè pou foubi pifò sifas yo. Yon espatil oubyen yon kouto pen efikas pou rive anba gwo depo manje. Resèt sa a ap egzije enèji. Eseye netwaye tach sou fou w' regilyèman.

Pwodwi Netwayaj pou Fenèt ak Miwa

Vinèg
Dlo
Mete ¼ tas vinèg nan yon boutèy pou flite. Plen li ak dlo. Flite sou sifas la. Fwote ak yon tòchon ki pa gen plim sou li, oubyen ak yon pape jounal. Pou fenèt ki bay sou deyò, sèvi ak yon zeponj epi lave ak dlo cho avèk kèk gout savon kastiyann likid. Rense byen epi seche ak yon raklèt.

Ajaks

Bikabonat
Savon kastiyann likid
Sèvi ak bikabonat nan plas ajaks.
Mouye zòn nan. Simen bikabonat epi epi fwote ak yon tòchon mouye. Ajoute yon ti savon nan tòchon an pou yon netwayaj pi pwisan. Rense byen. Pou twalèt, simen bikabonat anndan bòl la,, ajoute kèk gout savon kastiyann, epi foubi.

